

# Maladi Enflamatwa Pèlvyen

Maladi enflamatwa pèlvyen (pelvic inflammatory disease, PID) se yon enfeksyon kèk ògàn repwodiktif, ki gen ladan twonp falòp yo, ovè yo ak matris la. PID se pa yon enfeksyon moun pran fè bagay (sexually transmitted infection, STI), men li kapab yon konplikasyon STI ki pa trete tankou klamidya oswa gonore.



Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik, vizite [nyc.gov/health/clinics](https://nyc.gov/health/clinics).

# Maladi Enflamatwa Pèlvyen (PID)



## Sentòm yo

Kèk moun ki gen PID pa gen okenn sentòm. Si sentòm vin devlope, yo ka gen ladan yo:

- Doulè nan vant
- Ekoulman nan vajen an ki diferan de ekoulman nòmal
- Doulè oswa senyen pandan oswa aprè w fè bagay
- Lafyè

## Prevansyon

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka anpeche pwopagasyon STI yo tankou klamidya ak gonore. Fè tès regilyèman pou STI yo. Tretman rapid pou klamidya ak gonore ka anpeche PID. Gen plizyè patnè ogmante risk ou pou pran STI yo.

## Tès

Pa gen okenn tès pou PID. Yon pwofesyonèl swen sante pral fè yon egzamen basen pou fè dyagnostik PID.

## Tretman

- PID ka trete ak antibyotik.
- Kòmanse tretman osito posib. Li kapab sispann domaj nan ògàn repwodiktif yo, men li pa ka defèt okenn domaj ki egziste deja.
- Tretman konplè a nesesè pou trete enfeksyon an. Pran tout medikaman an, menm si ou santi ou pi byen.
- Repran tès la de (2) a twa (3) jou apre ou fini tretman an. PID ki pa byen trete kapab vin yon enfeksyon grav ki mande entènè lopital.

## Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, PID ka lakòz gwo doulè ak esterilite (enkapasite pou fè timoun). Li ka ogmante tou risk pou w gen yon gwosès tibal (ektopik).

## Patnè Seksyèl yo

PID ka koze pa STI tankou klamidya ak gonore. Si yo te dyagnostike w avèk yon STI, patnè seksyèl ou yo dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun. Ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan de (2) dènye mwa yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab egzamine epi trete.